

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Kaparigelan maca warta kaasup salasihiji kompetensi nu kudu dikawasa ku siswa. Ieu hal saluyu jeung kompetensi dasar nu aya dina Kurikulum Tingkat Daerah Muatan Lokal Mata Pelajaran Bahasa Sunda Berbasis Kurikulum 2013 Revisi 2017 jenjang SMP/MTs. Siswa kudu miboga kompetensi kaparigelan maca téks warta ku cara niténan irama/témpo, artikulasi jeung lentong kalimah.

Tapi, teu saeutik siswa nu baluweng, teu apal kumaha carana maca warta anu hadé tur merenah. Nalika dibéré kasempetan pikeun ngalarapkeun matéri maca warta lolobana siswa ngarasa éra, sarta can wani pikeun macakeun warta basa Sunda. Éta hal jadi salasihiji bangbaluh siswa pikeun nyangkem pangajaran maca warta basa Sunda. Ku kituna, dibutuhkeun tarékah guru, salasihijina kudu méré conto cara maca warta anu hadé tur babari diturutan ku siswa.

Modél pangajaran *Explicit Instruction* mangrupa salasihiji modél nu bisa dilarapkeun dina pangajaran basa Sunda. Ngaliwatan modél *Explicit Instruction* guru bisa ngadémonstrasikeun pangaweruh jeung kaparigelanna ka siswa. Nurutkeun Joyce (2011, kc. 423) pikeun nyangkem pangajaran kalayan hadé, siswa diuji pamahamanna ku cara prakték kalayan bimbingan guru (prakték nu kakontrol, *controlled practice*), ogé ngadorong siswa nuluykeun éta prakték kalayan bimbingan guru (prakték nu dibimbing, *guided practice*).

Éta cara bisa méré conto tur motivasi ka siswa sangkan bisa ngalarapkeun pangajaran ku cara prakték langsung. Siswa bisa aktif ilubiung dina prosés pangajaran, tur bisa maham jeung ngawasa éta pangajaran. Modél pangajaran *Explicit Instruction* nu nekenkeun kamampuh jeung kaparigelan guru saluyu jeung pamadegan Pramudita (2013, kc. 68) nu nételakeun yén sakabéh paripolah, omongan, sikep guru bakal ditempo jeung jadi puseur perhatian hususna pikeun siswa.

Ku kituna, dipiharep modél *Explicit Instruction* bisa dijadikeun cara pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina maca warta kalayan hasil anu nyugemakeun.

Panalungtikan ngeunaan maca warta kungsi dilakukeun ku sababaraha urang, di antarana ku:

- 1) Irma Fibriani anu judulna “Modél Kooperatif *Teams Game Tournament* (TGT) pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Maca Warta.”
- 2) Gunawan anu judulna “Strategi *Reading Aloud* dina Pangajaran Maca Warta.”

Salian ti éta aya ogé panalungtikan ngeunaan Modél pangajaran *Explicit Instruction* nu dilarapkeun dina pangajaran maca nu kungsi dilakukeun ku Gian Hervyagi anu judulna “Modél Pangajaran *Explicit Instruction* pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Maca Sajak (Panalungtikan Tindakan Kelas ka Siswa Kelas VIII-F SMPN 45 Bandung Taun Ajaran 2012/2013).”

Sanajan geus réa nu nalungtik ngeunaan matéri pangajaran maca warta, tapi ari pangajaran maca warta anu ngagunakeun modél *Explicit Instruction* mah can kungsi aya. Modél *Explicit Instruction* dipaké dina maca warta lantaran ngaliwatan ieu modél bakal aya interaksi langsung antara guru jeung siswa.

Saluyu jeung pamadegan Aunurahman (2009, kc.169), yén modél pangajaran *Explicit Instruction* museur kana aktivitas-aktivitas akademik sangkan dina implementasi kagiatan pangajaran guru bisa ngontrol kalawan bener kana kamajuan siswa, dina ngagunakeun waktu sacara éféktif pikeun ngokolakeun kelas nu dikontrol sacara tuluy-tumuluy.

Dumasar kana sababaraha alesan di luhur, panalungtikan ieu anu dijudulan “Modél Pangajaran *Explicit Instruction* pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Maca Warta” (Penelitian Tindakan Kelas ka Siswa Kelas VIII C SMP Laboratorium Percontohan UPI Bandung Taun Ajar 2017/2018) perlu dilaksanakeun.

Ieu modél baris ditalungtik ngagunakeun métodeu Penelitian Tindakan Kelas (PTK). Anu tahapanna ngawengku prosés perencanaan (*plan*), paripolah (*act*), observasi, ogé refléksi.

## **1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1 Identifikasi Masalah**

Dumasar kana kasang tukang di luhur, ieu panalungtikan bisa diidentifikasi dumasar kana:

- 1) kurangna kamampuh jeung pamahaman siswa dina maca warta

- 2) prosés diajar masih kurang variatif, lolobana ngan museur kana métodeu ceramah
- 3) dibutuhkeunna modél *Explicit Instruction* pikeun méré gambaran konkrit ka siswa dina pangajaran maca warta

### 1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah di luhur, ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun pertanyaan ieu di handap:

- 1) Kumaha nyieun rarancang pangajaran maca warta ngagunakeun modél *Explicit Instruction* ka siswa kelas VIII C SMP Laboratorium Percontohan UPI Bandung?
- 2) Kumaha prosés pangajaran maca warta ngagunakeun modél *Explicit Instruction* ka siswa kelas VIII C SMP Laboratorium Percontohan UPI Bandung?
- 3) Kumaha hasil diajar maca warta ngagunakeun modél *Explicit Instruction* ka siswa kelas VIII C SMP Laboratorium Percontohan UPI Bandung?

## 1.3 Tujuan Panalungtikan

### 1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum tujuan dina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngaronjatkeun hasil diajar maca warta siswa kelas VIII C SMP Laboratorium Percontohan UPI Bandung dina pangajaran basa Sunda sangkan jadi leuwih hadé.

### 1.3.2 Tujuan Husus

Dumasar kana tujuan umum di luhur, ieu panalungtikan miboga tujuan husus nya éta pikeun:

- 1) nyieun rarancang pangajaran maca warta ngagunakeun modél *Explicit Instruction* ka siswa kelas VIII C SMP Laboratorium Percontohan UPI Bandung
- 2) ngalarapkeun modél *Explicit Instruction* dina prosés pangajaran maca warta siswa kelas VIII C SMP Laboratorium Percontohan UPI Bandung

- 3) mikanyaho hasil diajar maca warta ngagunakeun modél *Explicit Instruction* ka siswa kelas VIII C SMP Laboratorium Percontohan UPI Bandung

## 1.4 Mangpaat Panalungtikan

### 1.4.1 Mangpaat Tioritis

Ngaliwatan ieu panalungtikan dipiharep urang bakal nyaho kumaha cara nu cocog tur efektif dina ngaronjatkeun kamampuh siswa dina maca warta basa Sunda. Ogé bisa dilarapkeun pikeun guru-guru dina méré pangajaran Basa Sunda.

### 1.4.2 Mangpaat Praktis

#### 1) Pikeun Panalungtik

Panalungtik bisa mikanyaho yén model pangajaran *Explicit Instruction* cocog pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina maca warta basa Sunda

#### 2) Pikeun Pamaca

Hasil panalungtikan ieu dipiharep bisa nambah wawasan jeung pangaweruh hususna ngeunaan modél pangajaran *Explicit Instruction* pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina maca warta basa Sunda

#### 3) Pikeun Guru

Hasil panalungtikan ieu dipiharep bisa dipaké guru pikeun ngalarapkeun modél pangajaran *Explicit Instruction* dina pangajaran maca warta basa Sunda

#### 4) Pikeun Siswa

Ngaliwatan model pangajaran *Explicit Instruction* siswa bisa nyangkem pangajaran tur maca warta kalawan hadé

## 1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi disusun ku lima bab. BAB I eusina kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi masalah jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan anu ngawengku mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis, ogé raraga tulisan.

BAB II eusina ulikan pustaka, raraga mikir jeung hipotésis nu patali jeung panalungtikan.

BAB III eusina métode panalungtikan anu ngawengku sumber data, desain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan operasional, instrumen panalungtikan, téknik ngumpulkeun data jeung téknik nganalisis data.

BAB IV eusina ngeunaan hasil panalungtikan jeung pedaran hasil panalungtikan anu ngawengku kamampuh maca warta siswa ngaliwatan modél pangajaran *Explicit Instruction*.

BAB V eusina mangrupa kacindekan jeung rékoméndasi. Dina ieu bab, panalungtik nepikeun kacindekan tina hasil panalungtikan anu geus dilaksanakeun jeung méré saran pikeun panalungtikan salajengna.